



**Kòdinasyon Nasyonal k ap Plede Kòz Fanm**  
**Coordination Nationale de Plaidoyer pour les Droits des Femmes**

---

**8 MARS 1910 - 8 MARS 2010**

**OMAJ NAN MEMWA ANNE-MARIE, MAGALIE, MYRIAM  
LIT FEMINIS LA AP KONTINYE POU NOU KONSTRI SOSYETE KI CHITA  
SOU EGALITE, LIBETE, JISTIS SOSYAL**

**DEKLARASYON**

Jounen 8 mas sa a, 100 lane, depi gras ak konba fanm yo, dat sa a konsakre kòm jounen batay pou fanm yo. Nan lemonn antye fanm yo mobilize sou dat istorik sa a, anpil ladan yo, nan menm lespri Clara Zetkin, militant feminis sosyalis peyi Lalmay ki t ap goumen pou konstriksyon yon mond diferan, yon mond egalego ; yon mond jistis sosyal ni pou fanm ni pou gason.

Se nan kontèks istorik sa a, noumenm nan peyi d Ayiti, nou twouve n devan reyalite san non sa a kote katastwòf tranbleman tè 12 janvyè a touye nan 35 segond plis pase 250.000 pitit peyi a, ladan yo, Sè nou yo, militant konsekan ak jèn militant anndedan mouvman fanm lan : Anne-Marie Coriolan, Magalie Marcelin, Myriam Merlet, Myrlande Dorvilus. KONAP, enskri selebrasyon 8 mas 2010 la, kòm yon omaj espesyal pou memwa sè nou yo, lit san pran souf yo te konn mennen avèk konviksyon epi detèminasyon pou transfòmasyon total kapital sosyete sa a. Epi pou kaba ak sistèm patriyaka a ki makonnen ak sistèm kapitalis la pou kenbe fanm yo ak mas pèp la anba sibòdinasyon, dominasyon, esklizyon ak esplwatasyon.

8 mas sa a, se okazyon pou nou raple memwa anpil lòt zanmi mouvman fanm nan, ki tonbe tou nan tranbleman tè kriyèl sa a, pami yo, Mireille Neptune Anglade, Myrna Narcisse Théodore, Gina Porcena, Nicole Grégoire, Bernadine Bourdeau, Yolène Lherisson, Marie Michelle Gaspard, Sœur Marie Camille Francois ak anpil lòt.

Jodi a nou konte kadav, anpil kadav, anpil pèt ekonomik ak sosyal, nan yon katastwòf natirèl, men ki te anonse. Pouki sa plis pase 250mil mò, 300mil blese, plis pase 5mil pye ak bra koupe, 1 milyon 500 mil sanzabri, san konte mas moun ki deplase? Pouki tout katastwòf sa a pat epaye? Pouki nou pa gen yon Leta ki te kapab mete politik nesèsè pou edike popilasyon an sou zafè katastwòf natirèl. Pouki Leta an Ayiti pakab defini yon plan ibanizasyon ak prensip sou konstriksyon kay, sou konstriksyon lekòl, lopital...? Menmjan an tou, kouman Leta sa a pa menm anmezi

ranmase karaktè li pou reponn ak ijans popilasyon an, nan ba l kay pou l dòmi, nan kòwodone èd dijans entènasyonal pou l pa kontinye met abse sou klou. Apre siklòn Jàn, apre 4 seri siklòn ki te ravaje peyi a nan lane 2008, kouman Leta sa a, ak moun ki alatèt li, fè chwazi pou kontinye nan politik destriksyon peyi ak pèp la, pandan l ap aliyen li chak jou pipilis nan koripsyon ak enterè oligachi a. Se Leta sa a ki responsab lanmò Sè nou yo, menmjan ak 250 mil lòt moun ki pèdi lavi yo, alòske pifò nan yo te kab pa mouri.

Mòdèl Leta sa a, nou menm feminis ayisyèn ak tout kanmarad nou onivo entènasyonal, nou gen responsablite pou n dekonstri l. Se sans sa a, 8 mas la gen pou noumenm Fanm Ayisyèn, nan menm vizyon Clara Zetkin lan.

Lè nou gade bilan ak konsekans evènman makab 12 janvyè a, ki vin agrave yon sitistasyon ki te deja grav anndan peyi a, nou gen gwo kè sote, kote mas popilasyon an rete 2 bra balanse kote se yo ki bije òganize pou kont yoabri pwovizwa. Nanabri pwovizwa yo, Fanm yo gen gwo malè pandye sou tèt yo: yo menm ak tout pitit kapab viktim anba vyol, yo kap trape mikwòb ki bay yo gwo enfeksyon ak lòt maladi. Konsa tou nou konstate kouman entimite Fanm yo pase anba pye kote yo lage nan benyen nan mitan lari. Sitistasyon sa a tou, vin lage plis travay sou do Fanm yo, ki oblije fè plis kòve pou okipe pitit ak Fanmi yo ki rete vivan.

Metesou sa, gen lòt konsekans ki pral agrave pwoblèm estriktirèl yo tankou: Fanm yo k ap vin pi pòv, lè n konnen plis pase 46% Fanm, mari yo pa pran responsablite pitit yo, se yo ki rele, se yo ki reponn; nan domèn lasante, enfrastrikti lasante yo ki kraze, pral lakòz plis Fanm mouri nan fè pitit alòske Ayiti te deja gen to ki pi wo nan Amerik la kote sou chak 100 mil Fanm gen 630 ki mouri nan akouchman. Kesyon edikasyon ak lekòl se te deja gwo tèt chaje, lè pa gen posiblite lekòl, pi souvan se tifi yo ki chita lakay. Katastwòf 12 janvyè a, ki lakòz lekòl nan zòn ki frape yo pa fonkonsye, pral kreye plis risk pou gwosès prekòs kay tifi yo, plis tèt chaje pou sosyete a. Vin jwenn, gwo dezolasyon ki blayi nan mitan popilasyon an kap lakòz yo pa veye nan zafè pwoteje tèt yo kont maladi, sitiou enfeksyon tankou VIH/SIDA.

Se pwoblèm estriktirèl sa yo, Anne-Marie, Magalie, Myriam t ap konbat sou baz prensipal valè feminis yo, andedan chak oganizasyon kote yo t ap milite: SOFA, Kay Fanm, ENFOFANM epi anndan KONAP ak lòt espas. Medam feminis sa yo, chak nan mannyè pa yo, t ap defann valè tankou, Egalite, Libète, Ekite - (Jistis Sosyal)... Se atravè pwomosyon valè sa yo ki se baz fondannatal feminis la, medam sa yo kontribye nan kèk pwogrè ki reyalize, nan ranfòse kapasite fanm pou yo kap fè respekte dwa yo nan domèn politik, nan kèk chanjman ki koumanse fèt nan kad legal

la, nan batay kont vyolans sou Fanm, nan vilgarisasyon lide feminis yo, nan souke aparèy Leta a, ki jounen jodia, rekonèt fòk Fanm yo prezan nan estrikti Leta a, ak prezans Ministè Kondisyon Fanm ak Dwa Fanm. Sè nou yo kontribye tou, nan respè libète kò Fanm, respè dwa seksyèl ak repwodiktif yo. Kontribisyon medam sa yo tou, pèmèt zafè vyolans sou Fanm ki se prensipal espresyon patriyaka a, vin yon priyorite nasyonal, kote chak jou piplis, sosyete a, dakò pou gen mwens tolerans sosyal sou vyolans k ap fèt sou fanm.

Noumenm nan KONAP, n ap reyafime konviksyon nou nan lit feminis la, nan menm liy Clara Zetkin lan. N ap di byen wo, feminis la se filosofi ki charye pi bèl pwojè pou transfòmasyon limanite pou konstriksyon yon mond : jis, egalego ki respekte valè moun, valè bèt, valè environman ak lanati... Feminis la detèmine pou konstwi yon lòt kalte rapò sosyal, ekonomik ak politik, kote se byennèt moun ki enpòtan, pou sa, fòk gen rapò ekilibre nan mitan fanm ak gason... Fanm yo gen yon wòl fondamantal, kòm aktris pou konstri nouvo modèl sosyete sa a. Se pou sa nou di, Anne-Marie, Magalie, Myriam, lit nou t ap mennen an ap kontinye.

Nan kalfou kote peyi nou ye la a, sou tras Marijàn, Defile, Katrin Flon nou gen pou n pote kole nan konstriksyon nansyon tou nèf sa a, se pou sa, nan vizyon nou kòm feminis nou deklare:

- Responsab peyi yo dwe konstri prese prese vilaj pou retire pèp la sou plas piblik yo ; pou fè yo jwenn bonjan lojman pou yo viv ak diyite. Epi, mete pwogram kredi pou klas mwayèn ki pèdi kay ak biznis yo reprann lavi ak ekonomi yo.
- Leta dwe mete yon pwogram ankadreman sikolojik pou tout fanmi viktim katastwòf sa a, kapab reprann tèt yo, sòti anba twomatis sikolojik evenman 12 janvyè a kite dèyè;
- Mezi dwe pran prese prese, pou lekòl nan tout zòn ki afekte yo, reprann nan bon kondisyon sekirite espas yo ak mizanplas pwogram espesyal. Fè fòmasyon jèn ki nan inivèsite yo, repati yo sou teritwa a dapre konpetans yo pou yo al ede meri yo fè travay yo.
- Pou respè memwa viktim yo ak fanmi yo, dirijan yo dwe monte yon MEMORIAL sou Channmas, youn, anpatikilye plas Katrin Flon pou Fanm ki mouri yo. Konsa moun ki pat gen chans antere fanmi yo kapab rann yo omaj.

- Pou Leta pran responsablite l, pou adopte yon plan amenajman tèritwa ki pran ankont nòm sosyal ak teknik kont tranblemann tè, siklòn ak lòt fenomèn natirèl; fè zonaj, anpeche moun konstri nenpòt kote, nenpòt kouman;
- Pou amenajman tèritwa a fèt pou rann sèvis piblik yo pre sitwayèn/sitwayen tankou lekòl, lopital, dlo ets.
- Kantite moun ki deplase al nan komin yo lakòz gwo chanjman nan pwovens yo. Fanmi peyizan yo gen plis bouch pou bay manje, konsa ti rezèv yo te genyen fin ale anvan lè, san konte pwodui tankou sik, lwil vin pi chè. Konsa li nesèsè pou Dirijan-t yo mete agwonòm, etidyan finisan nan agwonomi, teknisyen agrikòl osèvis peyizan yo. Menmjan an tou, distribiye bon kantite entran pou ranfòse yo epi ankouraje pwodiksyon nasyonan la; mete sou pye yon pwogram nan benefis fanm peyizan yo.
- Konsènan konstriksyon peyi a, Responsab yo dwe jwenn mekanis ki pou pèmèt yo ranmase lide ak pwopozisyon pou n detèmine ki chwa konstriksyon n ap fè ki reponn ak bezwen peyi, ak enterè popilasyon yo.

Nou rekonèt se sèl yon gouvènman ki gen karaktè, ki gen vizyon ki kapab pran pwopozisyon sa yo ankonksiderasyon. Pwopozisyon sa yo mande pou gen yon Leta responsab ki kab negosye ak patnè entènasyonan yo angranmoun. Yon leta ki kwè nan kapasite ak konpetans pitit peyi a, yon leta ki koupe fache ak koripsyon, politik zanmitay, moun pa. Yon leta ki gen otorite ak lijitimite ki kab fè respekte lwa ak prensip nan sans enterè kolektif. Yon leta ki gen kòm bousol prensip libète, egalite nan dwa, lwa ak reyalite ant fanm ak gason, rich ak pòv nan tout solidarite.

Pou fini, nan nom tout manm KONAP yo, n ap di fanmi, zanmi Sè nou sa yo, tranblemann tè a rache nan men nou, pou nou kontinye lit Anne-Marie, Magalie, Myriam ak tout lòt fanm yo t ap mennen an, pou chanje lavi, pou konstri yonn nouvo modèl sosyete san fòs nan respè valè feminis yo: Egalite, libète, jistis sosyal. Kouraj, pou onore tout bon vre memwa moun nou pèdi yo, nou dwe lite nèt ale pou rann nouvel Ayiti sa a posib.

Yon lòt fwa ankò, nou di tout moun ki vin pataje moman sa a avèk yon gwo mès, nou konte sou nou pou kontinye mete men nan batay pou dekonstri sosyete sa a.

Pòtoprens, 8 mas 2010

Pou Komite Kòdinasyon KONAP,

---

Olga Benoit

(Komite Kòdinasyon KONAP : Fanm Deside Jakmèl - Kay Fanm - REFRAKA - SOFA)